**दिन—बुधवार** **दिनांक—27.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह आइ ऑपरेशन महादेव मे सम्मिलित सेना, जम्मू कश्मीर पुलिस आ सीआरपीएफक जवान लोकनि सँ भेट कऽ हुनका सम्मानित कयलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे ऑपरेशन सिंदूर लोक सभ के संतुष्टि देलक। जखनकि ऑपरेशन महादेव ओहि संतुष्टि के आत्मविश्वास मे बदलि देलक। श्री शाह कहलनि जे सैनिक लोकनि दुनिया के देखा देलनि जे आतंकवादी चाहे अपन रणनीति मे कतबो बदलाव किएक नहि कऽ लेथि आब भारतक नोकसान नहि पहुंचा सकैत छथि आ ने ओ बचि सकैत छथि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अगिला मास पन्द्रह सितम्बर के पूर्णियां हवाई अड्डाक उद्घाटन करताह। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल पटना मे पत्रकार लोकनि के जनौलनि जे प्रधानमंत्री इएह दिन पूर्णियां मे एक जनसभा के सेहो संबोधित करताह। संगहि, कतेको विकास योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास करताह। एम्हर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे सितम्बर मास मे प्रधानमंत्री श्री मोदी पटना मेट्रो के हरियर झंडी देखाकऽ शुभारंभ करताह।

---

प्रदेश मे चलि रहल मतदाता विशेष गहन पुनरीक्षण, एसआईआरक अंतर्गत दावा—आपत्ति आ दस्तावेज जमा करबाक लेल आब मात्र छओ दिन शेष अछि। चुनाव आयोग कहलक अछि जे राज्य मे चलि रहल विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक अंतर्गत छओ प्रमुख राजनीतिक दल मे सँ मात्र भाकपा—माले दिस सँ तिरेपन दावा आ आपत्ति दर्ज कराओल गेल अछि। मुख्य निर्वाचन अधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल जनौलनि जे प्रारूप प्रकाशनक बाद एखन धरि एक लाख अट्ठहत्तरि हजार नओ सय अड़तालीस निर्वाचक सँ प्राप्त सीधा दावा आपत्ति मे सँ बीस हजार सात सय दू मामिलाक निष्पादन कऽ देल गेल अछि। एहि

संग अठारह वर्ष सँ बेसी उमिरक छओ लाख पैंतीस हजार सँ बेसी नव मतदाता नाम जोड़बाक लेल आवेदन कयने छथि।

———————————————————————————

महागठबंधनक दल सभक भोटर अधिकार यात्रा आइ दरभंगा सँ चलि कऽ मुजफ्फरपुर आ सीतामढ़ी पहुंचल। लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधीक नेतृत्व मे निकलल एहि यात्रा मे आइ कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ सांसद प्रियंका गांधी तमिलनाडुक मुख्यमंत्री एम.के स्टालिन, बिहार मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव, भाकपा—मालेक महासचिव दीपांकर भट्टाचार्य आ वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी समेत कतेको नेता लोकनि सम्मिलित भेलाह। दरभंगा मे ई यात्रा जीवछ घाट सँ शुरू भऽ शोभन आ बेनीबादक बाटे मुजफ्फरपुर जिला मे प्रवेश कयल।

———————————————————————————

एहि मध्य भाजपाक वरिष्ठ नेता आ पूर्व मंत्री शाहनवाज हुसैन कहलनि जे राहुल गांधीक ई यात्रा फ्लॉप भऽ गेल अछि। दोसर दिस जमुई के सांसद अरूण भारती आइ शेखपुरा मे भोटर अधिकार यात्राक आलोचना करैत कहलनि जे ई यात्राक नाम पर मतदाता लोकनि के डरेबाक प्रयास कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

देशभरि मे आइ गणेश चतुर्थीक पर्व श्रद्धा आ उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। ई दिन ज्ञान, समृद्धि आ सौभाग्यक प्रतीक भगवान गणेशक जन्मोत्सवक रूप मे मनाओल जाइत अछि। दरभंगा जिला मे सात सितम्बर धरि चलयवला गणेश महोत्सव लेल विभिन्न पूजा पंडाल मे भगवान गणेशक पूजा अर्चना शुरू भऽ गेल। संगहि, पंडाल आ मंदिर सभ के आकर्षक ढंग सजाओल गेल अछि। दरभंगा मे जिला प्रशासन गणेश महोत्सव मे शांति व्यवस्था बनौने रखबाक लेल एक सय आठ स्थान पर पुलिस बलक संग दंडाधिकारीक प्रतिनियुक्ति कयलक अछि। एम्हर, गणेश चतुर्थी पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोकसभ के अपन बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग मे मॉनसूनी बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग आइ पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, सुपौल, अररिया, किशनगंज समेत उत्तर–मध्य भागक एक दू जिला मे मेघगर्जन, वज्रपात आ तेज हवा चलबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि। विभागक अनुसार अगिला तीन सँ चारि दिन धरि प्रदेशक अधिकांश भाग मे न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटा मे वैशाली जिलाक पातेपुर मे सभ सँ बेसी चौंतीस दशमलव चारि मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल।

————————————————————————————

राजगीर मे अगामी उनतीस अगस्त सँ सात सितम्बर धरि आयोजित होबयवला हीरो हॉकी एशिया कप टूर्नामेंट के लऽकऽ निकालल गेल ट्रॉफी गौरव यात्रा आइ सहरसा पहुंचल। एहि अवसर पर प्रेक्षागृह मे आयोजित एक कार्यक्रम मे जिला प्रशासनक पदाधिकारी, खेल प्रेमी आ कतेको विद्यार्थी लोकनि उपस्थित छलाह।

————————————————————————————

समाप्त भेल।